



Medikaman ak Gwosès

Gen anpil kè kontan lè ou ansent. Men, si ou pa konnen kijan medikaman ou yo pral afekte bebe ou, sa kapab bay anpil tèt fè mal tou. Se pa tout medikaman ki bon pou w pran lè ou ansent. Menm medikaman pou maltèt ak doulè kapab yon danje sèten peryòd nan gwosès ou.


Men 4 konsèy pou ede ou aprann plis sou kijan medikaman preskripsyon ak medikaman vant lib kapab afekte ou ak bebe ou:

Poze Kesyon

Toujou pale ak doktè, enfimyè, oswa famasyon ou avan ou kòmanse pran nenpòt medikaman, fèy, oswa vitamin. Piga ou sispann pran medikaman ou amwenske pwofesyonèl swen sante ou di ou mèt fè sa.

Poze kesyon sa yo:

- ◆ Èske m ap bezwen chanje medikaman mwen si mwen vle ansent?
- ◆ Kijan medikaman sa a kapab afekte bebe mwen an?
- ◆ Ki medikaman ak fèy mwen sipoze evite?
- ◆ Èske m ap bezwen pran plis oswa mwens medikaman mwen?
- ◆ Ki kalite vitamin mwen sipoze pran?
- ◆ Èske m ap kapab kontinye pran medikaman sa a si mwen kòmanse bay tete?



Li etikèt la

Tcheke etikèt ak lòt enfòmasyon medikaman ki vini ak medikaman ou a pou aprann risk ki kapab genyen pou fanm ki ansent oswa ap bay tete. Etikèt la di ou kisa yo konnen konsènan kijan medikaman an kapab afekte fanm ansent. Pwofesyonèl swen sante ou kapab ede ou decide si ou sipoze pran medikaman an.

Fè Atansyon Sou Entènèt la

Mande doktè, enfimyè, oswa famasyen ou sou enfòmasyon ou jwenn sou entènèt la.

Kèk sitwèb di ou kapab pran sèten medikaman pandan ou ansent, men fòk ou tcheke ak pwofesyonèl swen sante ou avan. Kò chak fanm diferan. Li kapab pa bon pou ou.

- ♦ Piga ou fè yon pwodwi konfyans paske yo di li "natirèl."
- ♦ Tcheke ak pwofesyonèl swen sante ou avan ou itilize yon pwodwi ou tande moun ap diskite sou sal chat oswa gwoup nan entènèt.



Di si ou Gen Pwoblèm

Premyèman, di pwofesyonèl swen sante ou nenpòt pwoblèm ou genyen ak medikaman ou. Epitou, di FDA nenpòt gwo pwoblèm ou gen apre ou pran yon medikaman.

- ♦ Rele **1-800-FDA-1088** pou yo voye yon fòm pou di pwoblèm ou genyen pa lapòs.
- ♦ Di pwoblèm ou genyen sou entènèt: www.fda.gov/MedWatch/report

Enskri Pou Yon Rejis Gwosès

Rejis Enfòmasyon Sou Gwosès ak Medikaman yo se etid rechèch ki pran enfòmasyon ou fanm ansent ki pran medikaman preskripsyon oswa vaksen pandan yo ansent. Rejis gwosès yo ede fanm yo ak doktè yo aprann plis sou kijan yo kapab itilize medikaman yo sennesòf pandan yo ansent.

- ♦ Pataje eksperyans ou ak medikaman pou ede fanm ansent yo.
- ♦ Nou pa pral mande w pran okenn nouvo medikaman.
- ♦ N ap ba ou enfòmasyon sou sante ou ak sante bebe ou.

FDA pa jere rejis gwosès yo, men li kenbe yon lis ak plizyè rejis.

Gade pou w wè si gen yon rejis pou medikaman ou a nan: www.fda.gov/pregnancyregistries